

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar tilu hal nyaéta; (1) kacindekan tina hasil panalungtikan. (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi pikeun panalungtikan séjénna anu patali jeung implikatur paguneman.

#### 5.1 Kacindekan

Implikatur paguneman nyoko kana implikatur konvénasional jeung implikatur nonkonvénasional atawa implikatur paguneman. Implikatur paguneman bisa kapanggih tina téks sastra Sunda dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna. Ieu panalungtikan manggihan 100 implikatur paguneman anu bisa dianalisis tina wanda, wujud, jeung fungsina.

*Kahiji*, wanda implikatur paguneman nyoko kana dua sipat nyaéta implikatur paguneman umum jeung implikatur paguneman husus. Implikatur paguneman umum teu merlukeun kontéks husus pikeun mikanyaho maksud tina éta omongan, ari implikatur paguneman husus merlukeun kontéks husus. Implikatur paguneman umum leuwih réa kapanggih (60 omongan) ti batan implikatur paguneman husus (40 omongan). Ari sababna nyaéta paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* nuduhkeun yén leuwih réa panyatur jeung mitra catur nu miboga sasaran pangaweruh atawa kasang tukang ngeunaan hiji hal nu keur diomongkeun.

*Kadua*, aya opat rupa wujud implikatur paguneman nyaéta wujud wawaran, wujud pananya, wujud paréntah, jeung wujud panyeluk. Implikatur paguneman wujud wawaran leuwih réa kapanggih (41 omongan) jeung implikatur paguneman pananya (36 omongan) ti batan implikatur wujud paréntah (20 omongan) jeung wujud panyeluk (3 omongan).

*Katilu*, fungsi implikatur paguneman nyoko kana 8 fungsi, nyaéta nitah, ngantebkeun, ngalaporkeun, nyaréék, nolak, nyindir, paménta, jeung nyapukan. Implikatur paguneman nu fungsina ngalaporkeun pangréana muncul (29 omongan), ari implikatur paguneman nu pangsaeutikna muncul nyaéta implikatur paguneman

nu fungsina nyindir (4 omongan). Sésana mangrupa implikatur nu fungsina nitah (18 omongan) jeung nolak (12 omongan), nu fungsina nyaré (9 omongan), tur nu fungsina paménta jeung nyapukan (masing-masing 7 omongan).

Sacara umum, bisa dicindekkeun yén implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna téh réa ngandung implikatur nu teu merlukeun kontéks husus, di antarana waé, implikatur nu eusina ngawarkeun, jeung implikatur nu ngalaporkeun hiji hal.

## 5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep mibanda implikasi pikeun sababaraha widang. *Kahiji*, dina widang paélmuan ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi élmu pangaweruh katatabasaan, hususna dina widang pragmatik ngeunaan implikatur paguneman. *Kadua*, dina kahirupan sapopoé, hususna pikeun nu maca ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi sarta jadi bahan référénsi dina mikaweruh implikatur paguneman. Salian éta, ayana ieu panalungtikan dipiharep sangkan dina komunikasi henteu aya pasalia paham antara panyatur jeung pangregep.

## 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

*Kahiji*, ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan implikatur paguneman nu aya dina karya sastra carpon pedalan heubeul nyaéta *Serat Sarwasatwa*. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik implikatur paguneman anu sumberna tina karya sastra pedalan anyar, sangkan bisa méré bébédaan tina segi basa nu dipakéna.

*Kadua*, ieu panalungtikan masih kénéh sacara murni nganalisis jeung ngadéskripsikeun implikatur paguneman tina wanda, wujud jeung fungsi. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik implikatur paguneman dipatalikeun kana bahan katut proses pangajaran di sakola, sangkan nambahan référénsi pikeun guru di lapangan.

*Katilu*, dipiharep aya panalungtikan satuluyna anu bisa ngeuyeuban kalawan leuwih nyosok jero ngeunaan eusi jeung aspék séjén tina carita pondok *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna.